KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KELOMPOK KERJA GURU MADRASAH IBTIDAIYAH
KKGMI KABUPATEN GUNUNGKIDUL 5
Sekretariat : MIN 3 Gunungkidul, Tugu, Sumberejo, Semin, Gunungkidul
Email : minsemingunungkidul@yahoo.co.id

SOAL ASESMEN SUMATIF AKHIR TAHUN (ASAT)
TAHUN PELAJARAN 2025 / 2026

Mapel	: Bahasa Jawa	Hari/Tanggal	: ……..
Kelas	: IV (Empat)	Waktu	: ……..:

A. Berilah tanda silang (x) pada huruf a, b, c, atau d di depan jawaban yang paling benar!

1. Salah siji tuladha kaendahane seni lan selaras karo bocah-bocah sing seneng dolanan yaiku ….
   a. tembang gedhe
   b. tembang dolanan
   c. tembang macapat
   d. tembang campursari

2. Ing ngisor iki sing kagolong ciri tembang dolanan yaiku ….
   a. cengkok utawa lagune angel
   b. ukarane endah lan angel
   c. ukarane cekak lan prasaja
   d. ukarana dawa – dawa

3. Tembang dolanan sajrone isine nduweni piwulang marang bocah bocah ngenani ….
   a. kesenian
   b. budi pekerti
   c. ketrampilan
   d. ilmu alam

4. Carane nggancarake tembang dolanan sing salah yaiku ….
   a. nambahi tembung
   b. tembang dolanan sing ora diowahi
   c. ngurangi tembung sing ora perlu
   d. nyethakake tembung supaya bisa dingerteni

5. Isine tembang dolanan “sluku-sluku bathok” yaiku ….
   a. tansah ngibadah marang Gusti nalika susah lan seneng
   b. naming yen butuh manembah marang Gusti
   c. nalika seneng lali marang Gusti
   d. nalika kena musibah lagi eling marang Gusti

LIVEWORKSHEETS

6. Sing ora kalebu tembang dolanan yaiku ….
   a. dhondhong apa salak
   b. buta-buta galak
   c. padhang bulan
   d. sugeng dalu

7. Nilai budi pakerti sing bisa dijupuk saka tembang dolanan “Jaranan’ yaiku ….
   a. Kurmat-kinurmat
   b. jujur
   c. sabar
   d. seneng dolanan

Wacanen kanggo mangsuli pitakon no 8 nganti 10

Jaranan

Jaranan jaranan jarane jaran teji,
Sing numpak ndara Bei,
Sing ngiring para mantri,
Jeg jeg nong jeg jeg gung, prok prok turut lurung,
Gedebug krincing gedebug krincing
Prok prok gedebug jedher

8. Apa judhule tembang ing dhuwur ….
   a. Jaranan
   b. jaran teji
   c. jarane ndoro bei
   d. numpak jaran

9. Ana pirang baris tembang ing nduwur ….
   a. 4
   b. 5
   c. 6
   d. 7

10. Apa jenenge jaran sing ditumpaki ndara bei ….
    a. Jaran teji
    b. jaran goyang
    c. jaran-jaranan
    d. jarane mantri

LIVEWORKSHEETS

11. Aksara Jawa iki cacahe ana ….
    a. 18
    b. 19
    c. 20
    d. 21
12. Saliyane aksara Jawa uga ana sandhangan. Jenise sandangan aksara Jawa yaiku ana ….
    a. 2
    b. 3
    c. 4
    d. 5

13. Ing ngisor iki sing kalebu jenise sandhangan yaiku ***kajaba*** ….
    a. sandhangan panyigeg wanda
    b. sandhangan wyanjana
    c. sandhangan vokal
    d. sandhangan swara

14. Salah siji jenise sandhangan aksara Jawa yaiku sandhangan swara. Ing ngisor iki sing kalebu sandhangan swara yaiku ….
    a. cecak
    b. layar
    c. keret
    d. pepet

15. Ing ngisor iki sing kalebu sandhangan wyanjana yaiku ….
    a. pengkal
    b. pangkon
    c. suku
    d. wignyan





16. Pira jumlahe sandhangan aksara jawa ….
    a. 3
    b. 4
    c. 5
    d. 6

17. Tembung “telu” iku yen ditulis nganggo aksara Jawa migunakake sandhangan swara ….
    a. pepet lan wulu
    b. pepet lan suku
    c. taling lan wulu
    d. taling lan suku

LIVEWORKSHEETS

18. “Cecak” yaiku sandhangan sigeg gantine aksara sigeg ….
    a. swara “h”
    b. swara “ng”
    c. swara “r”
    d. swara”y”

19. Sandhangan “taling tarung” sandhangan kanggo swara ….
    a. swara “o”
    b. swara “u”
    c. swara “i”
    d. swara”e”

20. “Aku tuku sate pitu” yen ditulis nganggo aksara jawa ….
    a. 
    c. 
    b. 
    d. 

21. Sandhangan “cakra” yaiku sandhangan kanggo nyulihi panjingan ….
    a. panjingan ‘ya’
    b. cakra lan pepet
    c. panjingan ‘ra’
    d. aksara swara ‘o’

22. Sandhangan panyigeg wanda yaiku ….
    a. sandhangan sing digunakake ngganteni aksara sigeg (huruf mati)
    b. sandhangan sing digunakake nyulihi cakra lan pepet
    c. sandhangan sing digunakake nyulihi swara
    d. sandhangan sing digunakake ngganteni swara u

23. Saben wengi Arya melu ngaji. Tembung ***wengi*** ndhapuk jenise tembung ….
    a. tembung pakon
    b. tembung kahanan
    c. tembung aran
    d. tembung pakon

24. Wati nyapu latar omahe saben isuk. Tembung ***nyapu*** ndhapuk jenise tembung ….
    a. tembung kriya
    b. tembung kahanan
    c. tembung aran
    d. tembung pakon

LIVEWORKSHEETS

25. Tembung lingga yaiku tembung sing ….
    a. tugel
    b. isi wutuh/wantah
    c. ora wutuh
    d. uwal saka tegese

26. Mbah kakung lan Pak Jalil lagi ***unjuk*** kopi pait. Tembung sing ditulis miring iku mathuke yaiku ….
    a. diunjuk
    b. ngunjuk
    c. unjukan
    d. dakunjuk

27. Wati lan Sinta lagi seneng lelungan. Tembung 'lelungan' asale saka tembung lingga ….
    a. lelung
    b. elungan
    c. lungan
    d. lunga

28. Gabus iku ngambang ing banyu. Tembung '***ngambang'*** asale saka tembung lingga ….
    a. kambang
    b. ambang
    c. ngamba
    d. amba

29. Jajan nagasarine sing ditumbasake ibuk mau during ….
    a. kopangan
    b. dipangan
    c. mangan
    d. dakpangan

30. Joko Seger klakon kagungan putra. Tembung '***kagungan'*** ing ukara kasebut tegese ….
    a. keturutan
    b. kepengin
    c. duwe
    d. gedhe

31. Ing ngisor iki sing kalebu seselan yaiku ….
    a. seselan /ka-/
    b. seselan/-ake/
    c. seselan /-in-/
    d. seselan /di-/

LIVEWORKSHEETS

32. Panambang /-ne/ yaiku panambang sing pungkasan tembung linggane ….
    a. sigeg
    b. vokal
    c. dawa
    d. cendhak

33. Aku krungu swarane banyu grojog. Tembung ***'grojog'*** mathuke oleh wuwuhan wujud ….
    a. seselan
    b. panambang
    c. ater-ater/ng-/
    d. ater-ater/n-/

34. Aku ngedusi kucing seminggu pisan. Tembung ***'ngedusi'*** iku asale saka tembung lingga ….
    a. adusi
    b. ngedus
    c. adus
    d. ngadusi

35. Mangga kula aturi pinarak wonten ….
    a. pawon
    b. mburi
    c. lebet
    d. latar

LIVEWORKSHEETS